

# Kijan yo Mande Èd nan men pwotektè sitwayen ki rele Ombudsman CIS la

## ETAP 1

Eseye rezoud pwoblèm ou an dirèkteman ak Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS)

Anvan ou mande èd Ombudsman CIS la, toujou eseye rezoud pwoblèm ou an dabò ak USCIS nan fason sa yo:

- Soumèt yon demann ankèt sou dosye an bay USCIS atravè:
  - Yon kont USCIS sou entènèt nan <https://egov.uscis.gov/casestatus>
  - E-Request (demann elektwonik) nan <https://egov.uscis.gov/e-Request>
  - Mande Emma
- Rele Sant Kontak USCIS la nan 1-800-375-5283
- Kontakte [lockboxsupport@uscis.dhs.gov](mailto:lockboxsupport@uscis.dhs.gov) pou yon pwoblèm kòf sekirite oswa [refugeeaffairsinquiries@uscis.dhs.gov](mailto:refugeeaffairsinquiries@uscis.dhs.gov) pou yon pwoblèm tretman aplikasyon refijye
- Pou tout lòt kesyon, al gade nan <https://uscis.gov/about-us/contact-us>

## ETAP 2

Soumèt yon demann asistans pou ka sou entènèt nan [www.dhs.gov/cisombudsman](http://www.dhs.gov/cisombudsman) epi telechaje pyès jistifikativ yo

Si ou te mande èd nan men reprezantan w nan Kongrè an, tanpri tann repons li anvan ou kontakte nou pou evite soumèt plizyè fwa.

Nou vreman pipito pou w itilize Fòm **7001 DHS nou an sou Entènèt, Request for Case Assistance (Demann pou Asistans pou yon Dosye).**

Si ou pa ka soumèt demann lan sou entènèt, ou ka telechaje fòm papye a sou sit entènèt nou an epi voye li ba nou pa:

**Imèl:** [cisombudsman@hq.dhs.gov](mailto:cisombudsman@hq.dhs.gov)  
**Kourye lapòs:** Office of the Citizenship and Immigration Services Ombudsman  
 Department of Homeland Security  
 Attention: Case Assistance  
 Mail Stop 0180  
 Washington, D.C. 20528

- **Si w se yon mandatè**, ou dwe mete yon Fòm G-28 ki siyen, *Avi Konparisyon kòm Avoka oswa Reprezantan Akredite*. Li dwe matche ak Fòm G-28 ou te soumèt bay USCIS pou dosye a.
- **Si w se yon aplikan oswa yon moun k ap fè demann pwòp tèt ou pou (oswa yo te ba w deja) estati T, U, VAWA, azil, oswa refijye**, ou ka soumèt li sou entènèt, men ou dwe telechaje yon kopi siyati w “lank fre” (ki pa elektwonik) nan seksyon konsantman an. Asire w ke USCIS gen adrès kòrèk ou. Vizite [www.uscis.gov/addresschange](http://www.uscis.gov/addresschange) pou jwenn enfòmasyon sou fason pou chanje adrès ou.

## ETAP 3

Aprè nou fin resevwa demann asistans pou dosye w la, nou pral:

- Voye yon imèl konfimasyon ba ou ak nimewo demann CIS Ombudsman ou a (oswa nan kourye lapòs Etazini si w chwazi opsyon sa a);
- Revize demann ou a pou w asire li konplè epi w bay konsantman kòrèkteman;
- Imèl ou si nou bezwen plis enfòmasyon;
- Verifye ke nou pa te resevwa yon demann ki idantik;
- Fè rechèch sou dosye w la pou w detèmine kijan pou rezoud pwoblèm ou an pi byen;
- Fè w konnen pa imèl oswa pa lapòs ameriken si nou ka ede, poukisa nou pa kapab ede, oswa si USCIS te pran aksyon pou rezoud pwoblèm ou a.

Pa rate imèl enpòtan ki soti nan biwo nou an. Ajoute [cisombudsman@hq.dhs.gov](mailto:cisombudsman@hq.dhs.gov) nan lis kontak ou.

## ETAP 4

Si nou ka ede w ak pwoblèm ou an, nou pral:

- Kontakte biwo USCIS k ap travay sou dosye w la;
- Enfòmè w pa imèl oswa nan kourye lapòs Etazini ke nou te kontakte USCIS sou demann ou an;
- Tcheke regilyèman avèk USCIS jiskaske nou resevwa yon repons ki adrese pwoblèm ou a;
- Kontakte w yonfwa USCIS konfime li te aji sou dosye w la.

**Vizite [www.dhs.gov/case-assistance](http://www.dhs.gov/case-assistance) pou plis enfòmasyon**

Ou ka gade tou nan dokiman Konsèy nou yo pou mande Asistans pou dosye pou jwenn pi bon fason pou mande èd nou.